



KONSEY | Tibebe yo

Li pa janm twò bonè pou li pou tibebe ou. Depi tibebe ou fèt, l ap kòmanse aprann. Senpleman lè ou pale avèk tibebe ou, lè ou jwe avèk li ak lè pou pran swen li chak jou, ou ede tibebe ou devlope aptitud ki nesesè pou li vin yon lektè. Lè ou li avèk tibebe ou, ou ankouraje li renmen liv ak lekti touswit nan kòmansman. Konsèy ki anba yo ofri kèk fason amizan ou kapab ede pitit ou vin lektè ki kontan ak konfyan. Eseye yon nouvo konsèy chak semenn. Gade ki travay ki pi bon pou pitit ou.

■ Akokiye kò ou sou yon liv.

Lè ou kenbe tibebe ou sere, epi gade yon liv ansam, tibebe ou ap renmen akokiye kò li ak tandé vwa ou ak istwa tou. Sansasyon sennesòf ak pwoteje avèk ou pandan w ap gade yon liv ap devlope konfyans ak lanmou tibebe ou pou lekti.

■ Chwazi liv ki awopriye pou tibebe.

Liv ki genyen desen briyan ak fonse oswa gwo kontras pi fasil pou jenn tibebe gade, epi y ap atire atansyon li. Liv ki fèt an twal oswa plastik moun (pou benywa) oswa "liv anime" ki genyen paj an katon solid pi fasil pou yon tibebe manyen.

■ Mete liv yo kote tibebe ou kapab rive jwenn yo.

Asire liv yo fasil pou jwenn, kenbe ak gade konsidere jwèt. Sonje, yon tibebe ap fè avèk yon liv sa li fè avèk tout lòt bagay – mete li nan bouch li. Epitou se egzakteman sa li sipoze fè, kidonk ou kapab sèlman vle mete liv ki mou kote pou li rive jwenn.

■ Pale avèk tibebe ou – tout lajounen.

Dekri tan an oswa ki pòm ou chwazi nan boutik la. Pale osijè pòtre ki nan yon liv oswa bagay ou wè sou yon tablo. Poze kesyon. Depi pitit ou koute, l ap aprann mo, lide ak fason lang lan fonksyone.

■ Ankouraje woukoulman, gwondman ak gazouyman tibebe ou.

Bagay sa yo reprezante fason pou tibebe ou kominike avèk ou, epitou yo se premye etap enpòtan pou tibebe ou pale. Ankouraje efò pou li imite ou. Tank tibebe ou fè plis pratik, tank l ap vin pi klè. Kòmanse epi *megle, jape, kakade!*

■ Bay tibebe a yon koutmen!

Ankouraje tibebe ou pou li pran krakè, pwa, manyen nen ak zòtèy, lonje dwèt sou pòtre epi ponyen jwèt. Miskilati ki nan ti men sa yo ap grandi fò, ajil ak pare pou vire paj yo.

■ Devlope yon woutin jounalye (Epi fè lekti a vin yon pati nan sa).

Woutin yo kapab detann yon tibebe, epi yo kapab fè yon tibebe aprann prevwa sa ki pral pase answit. Kapasite pou prevwa se yon bagay ki enpòtan lè pitit ou vin gran epi l ap li poukont li.

■ Chante, Li, Repete.

Li istwa li renmen, epi chante chanson li renmen anpil fwa. Amizman repete avèk liv ap ranfose devlopman lang ak santiman pozitif konsènan lekti.

■ "Fè lekti" pou tibebe ou.

Fè atansyon pou fason tibebe ou reyaji nan liv w ap li a. Sispann si tibebe ou pa renmen istwa a epi eseye yon lòt liv oswa yon lòt lè.

www.ColorinColorado.org

Pratik, enfomasyon ki baze sou rechèch sou fason pou ede
Moun k ap aprann Angle li ... epi yo gen siksè!



KONSEY pou Paran

Jenn
Tibebe



Lè yon tibebe vin jenn sa konsène tout AKSYON li. Ankouraje devlopman lang kontini ak enterè nan liv ak lekti. Pou fè sa, konsève bagay yo yon fason anime ak enteresan. Eksperryans chak jou genyen anpil opòtinité pou angaje nan konvèsasyon ak devlope aptitud pou lang. Konsèy ki anba yo ofri kèk fason amizan ou kapab ede pitit ou vin lektè ki kontan ak konfyan. Eseye yon nouvo konsèy chak semenn. Gade ki travay ki pi bon pou pitit ou.

■ Pa atann you jenn tibebe ou ap repoze toujou sou yon liv.

Jenn tibebe yo bezwen DEPLASE, kidonk pa enkyete ou si yo aji deyò istwa yo oswa si yo senpleman pa okipe yo, si yo fè yon bagay san pwoblèm oswa ti yo tonbe pandan w ap li pou yo. Yo kapab deplase, men y ap koute.

■ Resite rim, chante chanson, epi fè erè!

Pran yon ti pòz pou kite jenn tibebe ou fini yon ekspresyon oswa chante yon refren. Depi tibebe ou abitye avèk rim oswa modèl, fè erè tout espre epi kite li kenbe ou.

■ Chwazi liv ki enteresan.

Liv ki prezante bét oswa machin envite mouvman ak fè son. Liv ki genyen klakman oswa diferan teksti pou manyen fè men yo okipe. Liv ki genyen pòtre detaye oswa atik ki repete ki kache nan pòtre yo se gwo liv pou egzamine ak diskite sou yo.

■ Kontinye fè lekti kout, senp ak souvan.

Jenn tibebe genyen souvan dire atansyon ki pi kout pase tibebe yo. Chèche tèks ki kout ak senp. Li enpe, plizyè fwa pa jou.

■ Ankouraje jwèt ki gen pou wè ak site, dekri ak kominike.

Prepare yon zou avèk bét ki sou fòm nounous. Fè yon kous avèk vwati jwèt yo. Mete jenn tibebe ou responsab epi poze anpil kesyon.

■ Chak jou se yon avanti lè ou te se yon jenn tibebe.

Chwazi liv konsènan eksperryans chak jou ak santiman. Pitit ou ap idantifye avèk pèsonaj yo jan yo abiye, manje, vizite, kabicha ak jwe.

■ Poze kesyon.

Pran tan pou koute repons jenn tibebe ou. Jenn tibebe genyen bon pwendvi ak lide enteresan konsènan monn lan. Ankouraje jenn tibebe ou rakonte ou sa li panse. W ap devlope aptitud pou lang ak aprann sa k ap ensite jenn tibebe ou fè tiktak anmenmtan.

■ Jwe avèk sa li pi renmen yo.

Li istwa li renmen yo plizyè fwa. Chèche liv sou bagay jenn tibebe ou renmen sitou – tren, bét, lalin. Lib sa yo kapab pwolonje dire atansyon yon jenn tibebe epi kreye enterè pou lekti.

■ Èske ou pa amize ou?

Eseye yon istwa diferan oswa yon lè diferan pandan jounen an. Lè ou li avèk yon timoun ki trè jenn sa konsène sitou devlopman eksperryans pozitif avèk liv, men se pa fini chak liv ou kòmanse.

www.ColorinColorado.org

Pratik, enfomasyon ki baze sou rechèch sou fason pou ede
Moun k ap aprann Angle li ... epi yo gen siksè!



Colorin Colorado is produced by Reading Rockets, a project of public television station WETA. The project is funded by the U.S. Department of Education, Office of Special Education Programs; the American Federation of Teachers; and the National Institute for Literacy



A Division of Professionals
American Federation of Teachers, AFL-CIO



TI KONSÈY | pou paran timoun ki poko nan jaden danfan

Kòmanse li bonè pou yo epi li toutan. Laj kritik pou timoun nan aprann renmen li, se lè li toupiti. Li pa janm twò bonè pou w kòmanse li pou pitit ou! Ti konsèy ki pi ba yo montre fason trèzenteresan ki va pèmèt ou ede pitit ou byen kontan epi vin gen konfyans nan tèt li lè lap fè lekti. Eseye aplike yon ti konsèy chak semenn. Swiv pou w wè kisa ki mache pi byen pou pitit ou.

■ **Li ansanm chak jou.**

Li pou pitit ou chak jou. Pwofite de ti moman sa yo pou w sa mete chalè ak amizman nan anbyans la kote nou toulede kapab fè ti kwoke byen fò.

■ **Bay tout bagay yon non.**

Pale pitit ou de mo ak objè ki enteresan pou w sa amelyore vokabilè li. Pa egzanp, "Gade avyon sa a! Sa yo se zèl avyon an. Poukisa ou panse ke yo rele yo zèl?"

■ **Di kijan ou pran plezi lè wap li.**

Fè pitit ou konnen ke w renmen li avèk li. Pale de "lè pou ti istwa" tankou l se moman w pito nan jounen an.

■ **Li ak eksitasyon nan vwa w.**

Li pou pitit ou ak yon vwa ki gen imou epi ekspresyon. Itilize plizyè vwa. Fèl trè koul!

■ **Konnen kilè pou w sispann.**

Mete liv la sou kote pandan yon ti moman si pitit ou pa enterese ankò oswa si li pap swiv.

■ **Patisipe tou.**

Diske sa kap pase nan liv la, montre bagay sou paj la, epi poze kesyon.

■ **Li epi rekòmanse ankò.**

Ou te mèt li liv pitit ou pito a ankò menm rive 100 fwa! Pale de ekri tou. Eksplike pitit ou kijan nou li de goch a dwat epi kijan yo itilize espas pou separe mo yo.

■ **Montre I mo ki ekri toupatou.**

Pale de mo ekri ke ou wè nan lemonn toutotou w. Mande pitit ou a pou l jwenn yon nouveau mo, chak fwa nou soti.

■ **Fè yo evalye pitit ou.**

Tanpri asire w ke w wè pedyat oswa pwofesè pitit ou san pèdi tan si ou gen dout sou kijan pitit ou ap devlope nan pale li, nan tande li oswa nan jan li wè.

www.ColorinColorado.org

Enfomasyon pratik, baze sou rechèch sou kijan pou ede timoun li... epi pou yo gen sikse!



TI KONSEY | pou paran timoun ki nan jaden danfan

Jwe ak lèt, mo, epi son! Lè w amize w avèk langaj, sa ede pitit ou aprann jwenn kòd pou lekti a. Ti konsèy ki pi ba yo montre fason trèzenteresan ki va pèmèt ou ede pitit ou byen kontan epi vin gen konfyans nan tèt li lè lap fè lekti. Eseye aplike yon ti konsèy chak semenn. Swiv pou w wè kisa ki mache pi byen pou pitit ou.

■ Pale ak pitit ou.

Mande pitit ou pou l pale de jounen l te pase nan lekòl la. Ankouraje l pou l eksplike yon bagay yo fè, oswa yon jwèt li jwe pandan rekreyasyon.

■ Di kèk ti fraz konplike byen vit san w pa fè erè (tongue twister, nan lang Angle).

Chante kèk chante, li liv ki rime, epi di kèk ti tongue twisters ki fè moun ri. Sa ede timoun yo pou yo rekònèt rapidman son ki nan mo yo.

■ Li l epi fè eksperyans la.

Fè koneksyon ant sa pitit ou li a avèk sa kap pase nan lavi reyèl la. Si wap li yon liv sou bét, asosye l avèk dènye fwa w te ale nan zou.

■ Sèvi ak non pitit ou a.

Fè koneksyon ant lèt epi son yo. Di “Jan, mo janbon an kòmanse ak menm son avèk non w Jan, janbon. Epi toulede kòmanse ak menm lèt, J a.”

■ Jwe ak maryonèt.

Jwe jwèt langaj ak maryonèt. Fè maryonèt la di, “Mwen rele Mak. Mwen renmen mo ki rime ak non mwen. Èske lak rime ak Mak? Èske bal rime ak Mak?”

www.ColorinColorado.org

Enfomasyon pratik, baze sou rechèch sou kijan pou ede timoun li... epi pou yo gen siksè!



A Union of Professionals
American Federation of Teachers, AFL-CIO

■ Trase epi di lèt yo.

Fè pitit ou itilize yon dwèt li pou l trase yon lèt pandan lap di son lèt la. Fè sa sou papye, nan sab, oswa sou yon asyèt ki gen sik ladan l.

■ Ekri li.

Mete papye ak kreyon yo la sou plas pou pitit ou ka sèvi ak yo pou l ekri. Pandan nap travay ansanm, ekri yon fraz oswa de (2) fraz sou yon bagay espesyal. Ankouraje l pou l sèvi ak lèt ak son lap aprann lekòl yo.

■ Jwe jwèt son.

Pratike melanje son pou yo vin tounen mo. Mande “Èske w ka devine kisa mo sa a ye? m-ò-p.” Trennen sou chak son plis pase jan ou ta dwe fè l nòmalmán.

■ Li epi rekòmanse ankò.

Ou te mèt li liv pitit ou pito a ankò menm rive 100 fwa! Pandan wap li, fè yon kanpe epi mande pitit ou kisa kap pase nan liv la.

■ Pale de lèt ak son.

Ede pitit ou aprann non lèt epi son lèt yo fè. Fè sa tounen yon jwèt! “Map panse a yon lèt e li fè son mmmmm.”



TI KONSEY | pou paran timoun ki nan premyè ane

Bay pitit ou a anpil opòtinite pou l li awotvwa. Ankouraje jenn lektè w la pou l pratike chak jou! Ti konsèy ki pi ba yo montre fason trèzenteresan ki va pèmèt ou ede pitit ou byen kontan epi vin gen konfyans nan tèt li lè lap fè lekti. Eseye aplike yon ti konsèy chak semenn. Swiv pou w wè kisa ki mache pi byen pou pitit ou.

■ Pa kite lakay ou san yon liv.

Pote yon liv oswa yon magazin nenpòt lè pitit ou gen pou l tann, tankou nan biwo yon doktè. Toujou eseye chèche yon ti tan pou fè lekti!

■ Yon sèl fwa pa ase.

Ankouraje pitit ou pou l re-li liv ak powèm li pito yo. Lè timoun re-li yon bagay, sa ede yo li pi vit epi pi byen.

■ Chèche fouye pi fon nan istwa a.

Poze pitit ou kesyon sou istwa w fèk li a. Di yon bagay tankou "Poukisa ou panse Klifòd fè sa?"

■ Pran kontwòl televizyon an.

Li trè difisil pou lekti an konpetisyon ak televizyon epi jwèt videyo. Ankouraje lekti tankou yon aktivite detant.

■ Pran pasyans.

Lè pitit ou ap eseye pwononse yon mo ke l pa konnen, ba l tan pou l fè sa. Fè pitit ou sonje pou l byen gade premye lèt oswa lèt yo nan mo a.

■ Chwazi liv ki nan bon nivo a.

Ede pitit ou chwazi liv ki pa twò difisil. Objektif la se pou bay pitit ou anpil bon eksperyans nan lekti.

■ Jwe jedemo.

Fè pitit ou pwononse mo a pandan wap chanje li de *plat a chat a dat; de dat a dal a dam; epi de dam a dim*.

■ Mwen li pou ou, ou li pou mwen.

Youn apre lòt li awotvwa anvan pitit ou al dòmi. Timoun jwi tan espesyal sa a ak paran yo.

■ Korije jenn lektè w la dousman.

Lè pitit ou fè yon erè, montre li, san ou pa move, lèt li blyie oswa li mal pwononse yo. Plizyè nan lektè ki fèk ap li yo, eseye jwenn sa yon mo vle di, toudepan de premye lèt ki nan mo a.

■ Pale, pale, pale!

Pale ak pitit ou chak jou de lekòl epi de bagay kap fèt nan kay la. Lage detwa mo ki enteresan nan konvèrsasyon an, epi travay sou mo ke w te deja pale de yo.

■ Ekri, ekri, ekri!

Mande pitit ou pou l ede w ekri lis makèt la, pou l ede w ekri yon ti lèt pou di grann li mèsi, oswa pou kenbe yon ti jounal de bagay espesyal ki pase lakay ou. Lè wap ekri, ankouraje pitit ou pou l sèvi ak sekans lèt ak son lap aprann lekòl la.

www.ColorinColorado.org

Enfomasyon pratik, baze sou rechèch sou kijan pou ede timoun li... epi pou yo gen siksè!



A Union of Professionals
American Federation of Teachers, AFL-CIO



TI KONSÈY | pou paran timoun ki nan dezyèm ane

Jwenn fason pou w li, ekri, epi rakonte istwa ansanm ak pitit ou. Toujou bat bravo pou jenn lektè ak jenn ekriven istwa w lan. Ti konsèy ki pi ba yo montre fason trèzenteresan ki va pèmèt ou ede pitit ou byen kontan epi vin gen konfyans nan tèt li lè lap fè lekti. Eseye aplike yon nouvo ti konsèy chak semenn. Swiv pou wè kisa ki mache pi byen pou pitit ou.

■ Rakonte ti istwa sou fanmi w.

Timoun renmen tandemé istwa sou fanmi yo. Pale de yon bagay komik ki te rive lè w te jenn.

■ Kreye yon bwat zouti pou ekriti.

Ranpli yon bwat ak materyèl pou desinen epi pou ekri. Chèche opòtinite pou pitit ou ka ekri, tankou nan fè lis makèt, lèt pou di mèsi, oswa kat bonn fêt.

■ Se oumenm ki pou fanatik #1 pitit ou.

Mande pitit ou pou l li awotvwa sa l ekri pou lekòl la. Se pou w byen enterese tandemé l.

■ Yon lòt fwa ak anpil emosyon.

Lè pitit ou pwononse yon mo li pa konnen, fè l re-li fraz la. Trè souvan timoun sitèlman okipe ap eseye pwononse yon mo, yo pèdi sans sa yo fèk fin li a.

■ Envite yon ekriven vin nan klas la.

Mande yon ekriven vin pale ak klas pitit ou a sou pwosesis ekri a. Jenn timoun toujou panse yo pa entelijan ase si yo pa kapab chita epi ekri yon istwa ki bon nèt depi premye fwa a.

■ Kreye yon liv ansanm.

Pliye plizyè fèy papye an de epi tache yo pou w fè yon liv. Mande pitit ou ekri kèk fraz sou chak paj epi ajoute pwòp desen li ladan n.

■ Rakonte ti istwa byen rapid.

Youn apre lòt, kontinye ajoute plis enfòmasyon nan yon istwa nou toulede nou envante pandan nou nan yon machin oswa nan yon otobis. Eseye fè istwa ki fè moun ri oswa ki fè moun pè.

■ Ensiste sou relasyon ki genyen ant mo yo.

Eksplike kijan mo ki gen menm kontèks eple menm jan e vle di menm bagay. Montre kijan yon mo tankou *konesans*, pa egzanp, gen menm kontèks ak yon mo tankou *konnen*.

■ Sèvi ak yon lis verifikasyon pou ekriti.

Fè pitit ou kreye yon lis verifikasyon ak kèk mo pou li pa blyie, "Èske tout fraz mwen yo kòmanse ak yon majiskil? Wi/Non."

■ Vit, vit.

Sèvi ak nouvo mo pitit ou aprann ki sou kat foto oswa nan aktivite pratik sou konpitè. Gendèlè sa ede timoun rekonèt epi li mo yo otomatikman, sitou mo yo itilize anpil.

www.ColorinColorado.org

Enfòmasyon pratik, baze sou rechèch sou kijan pou ede timoun li... epi pou yo gen siksè!



A Union of Professionals
American Federation of Teachers, AFL-CIO



TI KONSEY | pou paran timoun ki nan twazyèm ane

Li sou sa, pale de sa, epi reflechi sou sa! Jwenn fason pou pitit ou konprann pi byen ni, ki se pi gwo objektif nan aprann li. Ti konsèy ki pi ba yo montre fason trèzenteresan ki va pèmèt ou ede pitit ou byen kontan epi vin gen konfyans nan tèt li lè lap fè lekti. Eseye aplike yon ti konsèy chak semenn. Swiv pou w wè kisa ki mache pi byen pou pitit ou.

■ Bay liv enpòtans.

Fè lekti a tounen yon aktivite espesyal. Mennen pitit ou nan bibliyotèk, ede yo pou yo gen pwòp kat bibliyotèk yo, li ak yo, epi achte liv pou yo kòm kado. Kite yon kote espesyal lakay ou pou mete liv yo, oswa pi bon toujou, mete liv toupatou.

■ Fè yo li yon lòt liv ankò.

Jwenn fason pou ankorage pitit ou pou l chwazi yon lòt liv. Montre li yon seri tankou *The Boxcar Children* oswa *Harry Potter* oswa a yon dezyèm liv ekriven li pito ekri, oswa mande responsab bibliyotèk la pou l ba w kèk lòt sijesyon.

■ Louvri diksyonè a.

Kite pitit ou wè wap sèvi ak yon diksyonè. Di "O o, mwen pa fin si kisa mo sa a vle di... mwen panse mwen ta dwe chèche sa li vle di."

■ Pale de sa ou wè ak sa ou fè.

Pale de aktivite de toulejou pou w amelyore konesans esansyèl pitit ou, ki trèzenpòtan nan konpreyansyon nan tandé ak konpreyansyon nan lekti. Kenbe yon ti konvèrsasyon san rete, pa egzanp, pandan nap fè manje ansanm, pandan nap vizite yon nouvo kote, oswa apre nou fin swiv yon pwogram nan televizyon ansanm.

www.ColorinColorado.org

Enfomasyon pratik, baze sou rechèch sou kijan pou ede timoun li... epi pou yo gen siksè!



A Union of Professionals
American Federation of Teachers, AFL-CIO

■ Premye esè yo se bwouyon.

Ankouraje pitit ou lè lap ekri. Fè l sonje gen plizyè etap nan ekri. Pa gen moun ki ekri sa san fot premye fwa a.

■ Chak moun gen pwòp apwòch pa yo.

Li plizyè kalite liv pou fè pitit ou dekouvri diferan estil ekriti. Gen timoun, sitou ti gason, ki pipito liv ki rakonte iswa ki vre.

■ Aprann pitit ou "ti trik mantal."

Montre pitit ou kijan pou l fè rezime yon istwa ak detwa fraz oswa kijan pou l prevwa kisa ki pral rive nan istwa a. Toulede estrateji sa yo ede yon timoun aprann epi ede l sonje.

■ "Èske nou rive?"

Itilize tan ke nou passe nan yon machin oswa nan otobis pou nou fè jedemo. Pale de mo tikè a, ki se yon bagay ou bezwen pou rantre nan yon sal sinema oswa pou pati nan avyon, epitou, menm mo sa a vle di yon kontravansyon lapolis bay chofè machin. Gen plizyè lot omonim ki egziste; konbyen ladan yo èske pitit ou kapab jwenn? Lè timoun byen konprann sa yon mo vle di, yo genyen mwens difikilte pou yo li mo sa a.